

NÒT PIBLIK SOU SA KI PASE NAN KONSÈY PREZIDANSYÈL JODI A

Biwo Swivi AKò Montana (BSA) a denonse kont maltaye yon kowalisyon 4 sektè anndan Konsèy Prezidansyèl la konplote sou do popilasyon an nan mitan lannwit lendi pou rive madi 30 avril 2024 la.

4 sektè sa yo : Kolektif 30 janvye, EDE/RED/ Konpwomi Istorik, Pitit Desalin ak Akò 21 desanm decide vyole Akò politik 3 avril yo te siyen an ak tout pwojè dekrè sou kreyasyon, òganizasyon ak fonksyònman Konsèy la, lè yon nonmen pou kont yo, san chèche konsansis ki se premye demach ki dwe fèt la, san aksepte prensip vòt, kidonk san eleksyon, yo nonmen yon kowòdonatè Konsèy la, yon Premye minis ak tout gouvènman yo, san respekte mekanis patisipatif yo te siyen an.

Kowalisyon 4 sektè sa yo enskri tèt yo nan menm demach vyolasyon akò ki kontinye ap fè politik san etik, nan trayizon angajman yo pran piblikman nan Akò 3 avril la. Fòs mafya politik ak ekonomik yo decide fòk yo pran kontwòl Konsèy Prezidansyèl la ak gouvènman pou yo ka kontinye kontwole Leta peze souse a, tou sa nan bi pou mafreze pouvwa tranzisyon an epi fè l tounen yon pataj gato ak privilèj nan pwofi klan politik ak ekonomik tradisyonèl ki trennen peyi a nan kawo li ye jounen jodi a.

Akò Montana a, pandan l ap envite aktè ki pran move wout la resezi yo, antre nan konsètasyon pou l pran tèt frèt desizyon ki nañ enterè peyi a. Akò Montana a bay popilasyon ayisèn nan garanti li p ap sèvi kosyon pou pwojè mafya nan sektè ekonomik ak politik ki mete l kote l ye jodi a e ki vle kontinye kenbe privilèj nan Leta a, kontinye move trafik, koripsyon, kontreband, antre bato nan pwovens pou pa peye taks. N ap fè tout moun sonje se pratik koripsyon ak enpinite nan sistèm lan ki anjandre ensekirite a e pèmet li rive nan nivo envivab n ap sibi jodi a.

Akò Montana pa nan pike devan. Men Akò Montana p ap fè bak nan batay li pou sòti peyi a nan kawo. Byen vit l ap enfòme popilasyon an sou desizyon ki sòti apre konsètasyon yo.

Montana rete angaje pou jwenn yon solisyon konsansyèl nan kriz k ap boulvèse peyi a. Men li pap kosyone okenn brigandaj.

**Entèlijans politik, òganizasyon, rezistans, mobilizasyon
se limyè kap klere chimen viktwa pèp la!**

Pou BSA :


Magali Comeau-Denis


Ernst Mathurin


Jacques Ted Saint-Dic